**दिन–शनिवार** **दिनांक–20.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मे लोकसभा चुनावक दोसर आ तेसर चरण लेल प्रचार तेज भऽ गेल अछि। एनडीए आ इंडी गठबंधनक वरिष्ठ नेता लोकनि आइ अपन उम्मीदवारक समर्थन मे कतेको रैली आ सभा के संबोधित कयलनि। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी भागलपुर मे एक जनसभा के संबोधित कयलनि। श्री गांधी कहलनि जे इंडी गठबंधन बेरोजगारीक स्थायी समाधान लेल काज करबाक वास्ते कृतसंकल्पित अछि। ओ कहलनि जे जौं इंडी गठबंधन सत्ता मे अबैत अछि तऽ ओ निर्धन आ वंचित लोकक हित मे काज करत। राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो सभा के संबोधित कयलनि। तेजस्वी यादव कटिहार मे महागठबंधनक उम्मीदवार तारिक अनवर आ पूर्णिया मे राजद प्रत्याशी बीमा भारतीक पक्ष मे सेहो चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता मंगल पांडेय कटिहार मे चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे मात्र एनडीए बिहार मे लोकक सपना पूरा कऽ सकैत अछि। ओ कहलनि जे देश मे तेसर बेर नरेन्द्र मोदी के प्रधानमंत्री बनबाक लेल मतदाता लोकनि निर्णय लेने छथि। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार सेहो पूर्णिया मे एनडीए प्रत्याशी संतोष कुमार कुशवाहा आ कटिहार मे दुलालचंद गोस्वामीक पक्ष मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरणक अंतर्गत सात मई के होबयवला मतदान के लऽकऽ नामांकन पत्र भरबाक काज काल्हि समाप्त भऽ गेल। आइ नामांकन पत्रक जांच भऽ रहल अछि। उम्मीदवार बाईस अप्रील धरि नाम वापस लऽ सकताह। एहि चरण मे राज्यक पांच संसदीय क्षेत्र झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया मे मतदान होयत। मुख्य निर्वाचन पदाधिकारीक कार्यलय सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एहि सीट सभ पर कुल बावन उम्मीदवार पर्चा दाखिल कयने छथि। सभ सँ बेसी उन्नैस नामांकन अररिया संसदीय क्षेत्र सँ भेल अछि। सुपौल मे बारह, मधेपुरा मे आठ, खगड़िया मे सात आ झंझारपुर मे छओ उम्मीदवार नामांकन दाखिल कयने छथि।

---

एम्हर, लोकसभा चुनावक चारिम चरण लेल नामांकन पत्र भरबाक काज चलि रहल अछि। एहि चरणक अंतर्गत लोक पच्चीस अप्रील धरि नामांकन कऽ सकैत छथि। नामांकन पत्रक जांच छब्बीस अप्रील के होयत। उम्मीदवार उन्नतीस अप्रील धरि नाम वापस लऽ सकैत छथि। मतदान तेरह मई के होयत। एहि मध्य मुंगेर संसदीय क्षेत्र सँ जदयूक राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह आइ अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर हुनका संग उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, विजय कुमार सिन्हा आ जदयू नेता विजय कुमार चौधरी समेत आनो लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

केन्द्रीय गृहमंत्री आ भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता अमित शाह काल्हि कटिहारक राजेन्द्र स्टेडियम मे एक चुनावी सभा के संबोधित करताह।

———————————————————————————

पटना गांधी मैदान मे फिट टू मूव, फिट टू वोट मैराथन दौड़क आयोजन कयल गेल। पटनाक प्रमंडलीय आयुक्त कुमार रवि सभ वर्गक लोक के मतदान मे भाग लेबाक अपील कयलनि।

दरभंगा जिलाक मतदाता लोकनि लेल जिला निर्वाचन पदाधिकारी राजीव रौशनक मार्गदर्शन मे **दरंभगाक मतदान केन्द्र** नामक एक ऐप बनाओल गेल अछि। एहि ऐपक माध्यम सँ जिलाक मतदाता अपन जनतब लऽ सकैत छथि।

बेगूसराय जिलाक रिफायनरी टाउनशीप मे आइ मतदाता जागरूकताक वास्ते मोटरसाईकिल रैलीक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि अछि जे प्राकृतिक खेती के अपनाकऽ किसानक आमदनी दूगुना कयल जा सकैत अछि। समस्तीपुर जिलाक पुसा स्थित केन्द्रीय कृषि विश्वविद्यालय मे आयोजित कार्यशाला के संबोधित करैत राज्यपाल कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सेहो उन्नत पद्धति सँ प्राकृतिक खेती के अपनेबाक लेल जोऱ देलनि अछि।

———————————————————————————

शिवहर जिलाक तरियानी थाना क्षेत्रक दस्तांरा गाम लग बागमती नदी मे स्नान करय गेल दू सहोदर बहिन के डूबि गेला सँ मृत्यु भऽ गेलनि। एक दोसर के बचेबाक क्रम मे ई दुर्घटना भेल।

————————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे उष्ण लहरि लू सँ जनजीवन प्रभावित भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार शेखपुरा, नालंदा, औरंगाबाद, भोजपुर, गया समेत प्रदेशक दक्षिण– मध्य आ दक्षिण– पूर्व भाग मे अधिकांश ठाम तापमान बेयालीस डिग्री सेल्सियस सँ टपि गेल। पछिला चौबीस घंटा मे शेखपुरा सभसँ गर्म स्थान रहल, जतऽ अधिकतम तापमान तैंतालीस डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला पांच दिन धरि राज्यक दक्षिण भाग मे गर्मीक स्थिति बनल रहत। एहि क्रम मे कतेको ठाम चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ पछवा हवा चलबाक कारणें भीषण लू चलबाक स्थिति बनल रहत। विभाग गर्मी लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।